

Paramèt Lokalizasyon

Aprann kijan pou jere paramèt lokalizasyon w epi amelyore konfidansyalite ak vi prive w sou entènèt.

1. Kisa Sèvis Ki Baze sou Lokalizasyon Yo Ye?

Sèvis ki baze sou lokalizasyon yo itilize plizyè pwen done ak enfòmasyon (ki gen ladan yo GPS, WiFi, Done Selilè ak lòt faktè) pou detèmine lokalizasyon w nan lide pou founi w sèvis ak enfòmasyon ki gen rapò avèk ou.

Ou ka jwenn sèvis ki baze sou lokalizasyon yo prèske tout kote:

- Aplikasyon pou kat jewografik yo
- Aplikasyon pou meteyo
- Biznis ak acha sou entènèt
- Sit rezo sosyal yo
- Aplikasyon ki sou telefòn ou
- Motè rechèch

Ak ki lòt kote ou ka panse?

Sèvis ki baze sou lokalizasyon yo genyen plizyè avantaj epi yo ka asire yo ke w jwenn bagay tankou enstriksyon, previzyon oswa rekòmandasyon ki ekzak. Men yo kapab prezante difikilte tou pou konfidansyalite ak sekirite w sou entènèt.

2. Jesyon Paramèt Lokalizasyon sou Telefòn Ou

Men ki kote ou ka jwenn paramèt lokalizasyon sou telefòn ou, si w itilize telefòn Apple oswa Android, apati mwa out 2022.

Etap pou iPhone:

Ale nan Paramèt > Konfidansyalite > Paramèt Lokalizasyon

Etap pou Android:

Ale nan Paramèt > Lokalizasyon

Gade ki opsyon paramèt lokalizasyon ki disponib pou telefòn patikilye w la epi fè ajisteman yo. Konsidere kesyon ki annapre yo:

- Èske yon aplikasyon patikilye reyèlman bezwen lokalizasyon m?
- Èske mwen vle pou yo difize lokalizasyon m tout tan, oswa lè li nesesè sèlman?
- Èske mwen vle pou lokalizasyon m fonksyone nan aryèplan an?

Note ki ajisteman ou ta renmen fè la a:

3. Jesyon Paramèt Lokalizasyon

Ale nan paramèt kont lan pou navigatè wèb prefere w la epi gade ki opsyon paramèt lokalizasyon ki disponib pou ou. Si w gen dout sou ki kote pou jwenn paramèt sa yo, eseye chèche “Paramèt Lokalizasyon” epi navigatè entènèt prefere w la pou jwenn enstriksyon.

Fè menm bagay la pou sit rezo sosyal yo epi gade ki paramèt lokalizasyon ak opsyon ki disponib pou ou nan paramèt kont ou a

Reflechi ak kesyon ki annapre yo pandan w ap pran desizyon w yo:

- Pandan konbyen tan enfòmasyon sou kote mwen lokalize m yo sovgade?
- Kiyès ki ka wè kote m lokalize m?
- Èske sitwèb sa a bezwen gen aksè ak kote mwen lokalize m nan?

Pran nòt epi di kisa ou ta renmen chanje la a: